

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Gambaran kahirupan manusa salaku mahluk sosial éstu matak ngirut jeung ngainspirasi pangarang pikeun nyiptakeun hiji carita dina wangun karya sastra. Ieu perkara, sajalan jeung sawangan Jobrahim, ed (dina Haerudin jeung Koswara, 2017, kc. 6) nu nyebutkeun yén sastra téh némbongkeun gambaran kahirupan, nu mana éta kahirupan téh mangrupa hiji kanyataan sosial. Salah sahiji karya sastra anu ngagambarkeun pasualan dina kahirupan sapopoé manusa nya éta novél. Papasingan novél dumasar kana ségmén pamacana kabagi jadi tilu, nya éta novél budak, novél rumaja, jeung novél déwasa (Isnendes, 2017, kc.3). Judul novél pikeun budak salah sahijina nya éta novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*.

Novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* mangrupa novél anu ditulis ku pangarang anu geus tilu kali dilélér “Hadiah Samsudi” pikeun carita barudak, nya éta Dadan Sutisna. Ieu novél medal dina jaman generasi *milenial* nya éta taun 2017. Medalna ieu novél téh mangrupa salah sahiji cara sangkan karya sastra Sunda henteu leungit ku ayana kamekaran jaman anu beuki modéren. Lantaran generasi ayeuna mah geus mimiti mopohokeun karya jeung budaya bangsa sorangan sarta leuwih resep kana kabudayaan bangsa dengeun.

Novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* nyaritakeun lalampahan dua budak, anak jalma miskin. Nu hiji kasohor bangor, nu hiji hayang ngarobah nasib kolotna. Kolotna nyaéta tukang dogér monyét. Ari budakna miharep sangkan bapana ganti pagawéan, lantaran ku pagawéan éta bapana kungsi urusan jeung pulisi. Sajaba ti éta, budakna karunyaean ka monyét anu unggal poé digawékeun ku bapana. Éta dua budak téh ngarandapan kajadian ahéng nya éta ngimpi ngalalana ka tempat anu can kasaba sarta tepung jeung sasatoan anu sok kacaritakeun dina dongéng. Tina lalampahanna éta, duanana meunang pangalaman sarta pangajaran hirup.

Unggal karya sastra, kaasup novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* tangtu miboga pesen moral jeung ajén-inajén anu bisa dilarapkeun dina kahirupan

sapopoé. Ari pesen moral atawa ajén dina éta novél téh ditepikeun ku palaku dina carita, nu mangrupa manusa Sunda. Sakumaha ceuk Sucipto (dina Isnendes jeung Firmansyah, 2013, kc. 86) nyebutkeun yén manusa Sunda diperedih pikeun nyaimbangkeun hak jeung kawajiban, sarta kudu bisa ngajénan batur. Salian ti éta, dipiharep pikeun silih tulungan, sosen-sosen dina migawé hiji hal, kudu irit, jeung basajan. Ku kituna ieu novél téh salian ti pikeun ngahirupkeun karya sastra Sunda di kalangan generasi *milenial*, ogé bisa dijadikeun sarana pikeun ngaronjatkeun atikan sarta bisa ngarobah kondisi sosial masarakat.

Ajén-inajén anu nyangkaruk dina karya sastra téh rupa-rupa, aya étika, moral, norma, kaasup ajén atikan karakter. Atikan karakter nyaéta atikan anu ngamekarkeun ajén-ajén budaya jeung karakter bangsa dina diri peserta didik sangkan miboga ajén jeung karakter salaku karakter pribadina, ngalarapkeun dina kahirupan pribadina salaku anggota masarakat jeung warga negara anu religius, nasionalis, produktif, jeung kreatif (Puskur dina Wahyuni jeung Ibrahim, 2013, kc.1). Pamaréntah Indonésia ngaliwatan Kementrian Pendidikan Nasional ngarumuskeun 18 ajén anu kudu dimekarkeun dina atikan karakter dumasar ajaran agama, falasafah nagara, jeung budaya bangsa. Ajén anu dimaksud nyaéta *religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, demokratis, rasa ingin tahu, semangat kebangsaan, cinta tanah air, menghargai prestasi, bersahabat/komunikatif, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, tanggung jawab*, (Amirulloh, 2015, kc. 129). Dina ngawujudkeun atikan karakter, pamaréntah geus ilubiung. Sakumaha UU No 20 Taun 2003 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional dina pasal 3 anu eusina kieu.

Pendidikan nasional berfungsi mengembangkan kemampuan dan membentuk karakter serta peradaban bangsa yang bermartabat dalam rangka mencerdaskan kehidupan bangsa. Pendidikan nasional bertujuan untuk mengembangkan potensi peserta didik agar menjadi manusia yang beriman dan bertakwa kepada Tuhan Yang Maha Esa, berahlak mulia, séhat, berilmu, cakaf, kréatif, mandiri, dan menjadi warga yang demokratis serta bertanggungjawab (Muslich, 2013, kc. 83).

Dumasar kana pedaran, katitén yén pamaréntah geus ngusahakeun pikeun ngaimplementasikeun atikan karakter sangkan ngawujud pribadi peserta didik anu miboga karakter anu hadé pikeun ngarobah kahirupan bangsa. Sedengkeun

Tanti Astoriny, 2019

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kanyataan anu aya di lapangan amburadul teu saluyu jeung anu dipiharep. Hususna kajadian-kajadian anu aya di lingkungan sakola kadieunakeun geus jadi sorotan umum. Lantaran ku ayana kamajuan téhnologi kajadian nu aya di sakola bisa dibéwarakeun iraha waé tuluy sumebar di masarakat. Sakumaha *survey* anu dilaksanakeun ku Mazzola (dina Kristiawan, 2015, kc.14) ngeunaan *bullying* (*tindak kekerasan*) di sakola. Hasil *surveyna* nyaéta unggal poéna aya 160.000 siswa anu jadi korban *tindakan bullying* di sakola, hiji tina tilu umur respondén anu ditalungtik (siswa umur 18 taun) kungsi jadi korban *tindak kekerasan*, 75-80% siswa kungsi nyaksian *tindak kekerasan*, 15-35% siswa salaku korban *kekerasan* tina *tindak kekerasan maya* (*cyber-bullying*). Salian ti éta, masih kénéh loba kasus *kenakalan* rumaja di sakola saperti tawuran antar pelajar, séks bébas, narkoba, jrrd.

Perkara anu dijéntrékeun nandeskeun yén ayana kateusaluyuan antara tujuan pendidikan nasional jeung kanyataan anu aya di lingkungan atikan. Dumasar kana kasus anu ditataan di luhur ogé nuduhkeun héngkérna karakter siswa jaman kiwari. Ku ayana perkara éta, bimbingan karakter penting pisan dilaksanakeun ti mimiti di lingkungan keluarga, sakola, jeung masarakat. Miftahudin (dina Kristiawan, 2015, kc.14) nétélakeun atikan karakter nalika budak di keluarga miboga tujuan pikeun ngabentuk, nalika rumaja di sakola miboga tujuan pikeun ngamekarkeun, sarta nalika déwasa di paguron luhur miboga tujuan pikeun ngamantepkeun. Dina ngamekarkeun atikan karakter di sakola bisa ditarékahan ngaliwatan pangajaran. Salah sahijina nya éta pangajaran aprésiasi novél. Pangajaran aprésiasi novél aya dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar Kurikulum 2013 Revisi 2017 di SMP kelas IX.

Ku kituna ieu panalungtikan téh salian ti nganalisis struktur jeung ngaguar ajén atikan karakter dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyé*, ogé bisa ngarojong atikan di sakola ku cara dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP. Tujuanna sangkan siswa wanoh kana karya sastra Sunda jeung bisa manggihan karakter anu hadé dina karya sastra, sarta bisa ngalarapkeun éta karakter dina kahirupan sapopoéna.

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ari panalungtikan ngeunaan ajén atikan karakter téh lain anu munggaran. Saméméhna kungsi aya anu nalungtik dina Skripsi di antarana nya éta Nurazizah (2016) “Ajén Atikan Karakter dina Novél *Carita Budak Minggat* Karya Samsodi pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)”, Nilawati Adnan (2018) “Kumpulan Carpon *Di antara Tilu Jaman* Karya Aam Amalia pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)”, jeung Fauziyyah (2018) “Antologi *Salikur Carpon Patrem* pikeun Pangajaran Maca Carpon di SMA (Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan Karakter)”.

Sasaruan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta sarua nganalisis ulikan struktural nu ngawengku téma carita, fakta carita, jeung sarana sastra. Ari anu ngabédakeun ieu panalungtikan tina panalungtikan saméméhna nyaéta tiori anu dipaké dina ulikan ajén atikan karakter sarta objék anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dumasar sababaraha perkara anu geus dijéntrékeun, ieu panalungtikan téh perlu pikeun dilaksanakeun. Ku kituna ieu panalungtikan téh dijudulan “Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Novél *Dén Angor jeung Putri Monyé*t pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Novél di SMP”.

1.2 Rumusan Masalah

Novél mangrupa karya sastra anu bisa diaprésiasi, salah sahijina ku cara maca tur nganalisis eusi novél. Réa aspék anu bisa ditalungtik dina novél. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing, ku kituna perlu aya watesan masalah. Watesan masalah jeung ambahan ieu panalungtikan ngawengku struktur carita novél nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, sarta ajén atikan karakter anu nyangkaruk dina novél.

Dumasar kana watesan masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina ieu kalimah pananya.

- 1) Kumaha struktur (téma, fakta, sarana) carita dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyé*t?
- 2) Ajén atikan karakter naon waé nu nyampak dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyé*t?

Tanti Astoriny, 2019

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita jeung ngaguar ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét* sarta larapna dina pangajaran aprésiasi novél pikeun ngawanohkeun karakter nu hadé ka siswa SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur (téma, fakta, sarana) carita dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;
- 2) ajén atikan karakter nu nyampak dina novél *Dén Angor jeung Putri Monyét*;
- 3) larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun alternatif alternatif bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa ngajembaran paélmaan sastra hususna ngeunaan struktural jeung ajén atikan karakter dina karya sastra, sarta dipiharep bisa dijadikeun sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat tina segi kawijakan nyaéta dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pamaréntah sangkan bisa ngungkulan pasualan krisis karakter hususna karakter rumaja di sakola.

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.3 Manfaat tina Segi Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat di antarana (1) pikeun guru, hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi novél di sakola; (2) pikeun siswa, bisa méré nyaho karakter anu hadé ngaliwatan karya sastra, sangkan éta karakter bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé; (3) pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan struktur novél jeung ajén atikan karakter sarta nambahan pangalaman nu leuwih jembar.

1.4.4 Manfaat tina Segi Aksi jeung Isu Sosial

Tina segi isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban bacaan-bacaan anu dijerona nyangkaruk ajén atikan karakter pikeun ngungkulan krisis karakter bangsa hususna rumaja.

1.5 Raraga Tulisan

Runtuyan dina nyusun ieu laporan panalungtikan ngawengku lima bab, anu satuluyna baris dipedar.

BAB I Bubuka. Medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka. Ieu bab medar ngeunaan tiori-tiori anu patali jeung objék panalungtikan sarta dipaké pikeun nganalisis data panalungtikan. Tiori anu dipaké nyaéta tiori ngeunaan novél, tiori struktural, tiori ajén atikan karakter, jeung tiori bahan pangajaran maca.

BAB III Méthode Panalungtikan. Medar ngeunaan métodologi anu dipaké dina ieu skripsi anu diwincik deui jadi desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosédur atawa alur panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data, sarta instrumén panalungtikan.

Tanti Astoriny, 2019

**STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVÉL DÉN ANGOR JEUNG PUTRI MONYÉT
PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI NOVÉL DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab medar ngeunaan struktur carita, ajén atikan karakter, jeung alternatif bahan pangajaran aprésiasi novél pikeun siswa SMP.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékméndasi. Ieu bab mangrupa bab pamungkas anu medar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa ringkesan tina hasil panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Implikasi mangrupa lajuning laku tina hasil panalungtikan. Rékoméndasi mangrupa saran nu ditepikeun ku nu nyusun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.